

**Pa Presidan
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan
Premye Prezidans lan



Yon kle pou yon Fanmi kapab kontan

Gwo ekriven Ris la, Leo Tolstoy, te kòmanse liv li a, *Anna Karenina* avèk pawòl sa yo: “Tout fanmi ki kontan yo sanble; chak fanmi ki pa kontan yo tris nan fason pa yo.”¹ M pa panse tankou Tolstoy, m pa panse tout fanmi yo sanble. Sepandan, mwen dekouvri yon bagay ke pifò nan yo gen an komen: yo gen yon fason pou padone ak bliye enpèfeksyon lòt moun ak yon fason pou chèche sa ki byen lakay lòt moun.

Moun ki nan fanmi ki pa kontan yo, nan yon lòtbò, souvan jwenn fot, yo gen rankin, kòm si yo pa ka bliye ofans ki pase yo.

Moun ki pa kontan yo kòmanse konsa, yo di “Wi, men ou pa konn nan ki pwen li blese m.” Yon lòt di “Wi, men ou pa konn kijan li terib.”

Petèt ke yo toulède gen rezon; petèt ke yo youn pa gen rezon.

Gen plizyè degre nan ofans. Gen plizyè degre nan blese moun. Men, sa m remake sèke souvan nou jistifye kòlè nou epi nou apeze konsyans nou. Nou rakonte tèt nou istwa sou motif lòt moun pou nou kondane aksyon yo. Nou fè aksyon yo parèt enpadonab ak egoyis pandan ke, an menm tan, n ap prezante motif pa nou yo tankou bagay ki san tach epi ki inosan.

Chyen Prens la

Gen yon ansyen istwa ki sòti nan peyi Galwa nan 13zyèm syèk la ki pale de yon prens ki te retounen lakay li epi l te jwenn chyen l la avèk san ki t ap koule sou figi li. Mesye a te kouri antre epi, ak sezisman, li te wè ke tibebe l la te disparèt epi bèso a te chavire. Prens la te an kòlè. Li te rale epe li epi l te touye chyen l la. Yon ti bout tan apre, li te tandè kri ti pitit gason l lan—tibebe a te vivan! Bò kote tibebe a li te wè yon lou ki te mouri. Anfèt, chyen an te defann tibebe prens la anba men lou a ki te vin touye l la.

Menmsi istwa sa a dramatik, li demontre yon pwen. Li ouvri posiblité ke istwa nou rakonte tèt nou sou rezon ki fè lòt moun konpòte yo yon sètèn fason yo pa toujou an reyalite avèk fè yo—pafwa nou pa menm vle konnen fè yo. Men, nou ta prefere santi pou n jistifye tèt nou nan kòlè nou an kote nou kenbe amèt im ak move santiman nou an. Pafwa rankin sa yo kapab dire dè mwa oubyen menm dèzane. Pafwa yo kapab dire tout yon lavi.

Yon fanmi divize

Te gen yon papa ki pa t ka padone pitit gason li pou tèt li te devye sòti nan chemen l te anseye l la. Tigason

an te gen zanmi ke papa l pa t apwouve, epi li te fè anpil bagay ki te kontrè ak sa papa l te anseye l pou l te fè. Sa te mennen yon gwo distans ant papa a ak pitit gason an, epi osito tigason an te vin kapab, li te kite kay la epi li pa t janm retounen ankò. Yo te prèske pa t janm pale ankò.

Èske papa a te santi l te gen rezon? Petèt.

Èske tigason an te santi l te gen rezon? Petèt?

Yon sèl bagay m konnen sèke fanmi sa a te divize epi pa t gen kontantman paske ni papa a ni pitit gason an, youn pa t ka padone lòt. Yo pa t ka efase souvni amètım youn te gen anvè lòt. Yo te ranpli kè yo avèk kòlè olye de lanmou ak padon. Chak te anpeche tèt li jwenn opòtinite pou enfliyanse lavi lòt la pou sa ki byen. Divizyon ki te gen antreyo a te parèt tèlman gwo ke yo chak te vin yon prizonye espiyèl sou yon ti zile emosyonèl yo te izole tèt yo.

Erezman, Papa Etènèl nou an ki nan syèl la, ki emab epi ki saj la, ba nou mwayen pou nou simonte pakèt ògèy sa a. Gwo Ekspyasyon enfini an se zak siprèm padon ak rekonsilyasyon an. Grandè li depase konpreyansyon mwen, men mwen temwaye avèk tout kè m ak nanm mwen de reyalyte li ak pouvwa siprèm li. Sovè a te ofri tèt Li kòm pèyman pou dèt peche nou yo. Se nan limenm nou jwenn padon.

Okenn fanmi pa pafè

Okenn nan nou pa san peche. Nou chak fè erè, ni oumenm ak mwenmenm. Nou tout konn blese. Nou tout blese lòt moun.

Se gras ak sakrifis Sovè a ki fè nou kapab gen egzaltasyon ak lavi etènèl. Si nou aksepte chemen Li epi nou fè kè nou vin dou pou nou simonte ògèy nou, nou kapab pote rekonsilyasyon ak padon nan fanmi nou ak nan lavi pèsònèl nou. Bondye ap ede nou pou nou vin pi padonan, pou nou vin pi dispoze pou fè plis, pou se nou menm ki premye moun ki mande eskiz menmsi pafwa se pa t fòt nou, pou n abandone ansyen rankin nou yo epi pa noury yo andedan nou ankò. Nou di Bondye mès, Li menm ki te bay Sèl Pitit Gason Literal Li a, epi nou di Pitit Gason an mès, Li menm ki te bay lavi Li pou nou.

Nou kapab santi amou Bondye pou nou chak jou.

Èske nou pa ta dwe kapab bay pwochen nou yo yon tikras plis de nou jan yo anseye nou nan bèl kantik “Seigneur, j’ai tant reçu (Paské m resevwa si anpil)” la?² Senyè a louvri pòt pou nou jwenn padon an. Èske se pa t ap nòmàl pou nou abandone egoyis nou ak ògèy nou epi kòmanse louvri bèl pòt padon an pou moun nou gen kont avèk yo a—espesyalman pou tout moun nan pwòp fanmi pa nou yo?

Alafen, bonè pa jayi soti nan pèfeksyon men li soti nan aplikasyon prensip divin, menm nan ti etap. Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo te deklare: “Bonè nan lavi familyal kapab akonpli pi souvan lè l fonde sou ansèyman Lesenyè Jezikri. Maryaj ak fanmi ki gen siksè yo tabli epi yo chita sou prensip lafwa, lapriyè, repantans, *padon*, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreyatif ki pwòp.”³

Padon chita byen nan mitan verite senp sa yo. Padon fonde sou plan bonè Papa nou ki nan Syèl la. Paské padon konekte prensip, li konekte moun. Se yon kle, li louvri pòt ki fèmen, li se kòmansman yon chemen onèt, epi li se youn nan pi bon espwa pou yon fanmi kapab gen bonè.

Se pou Bondye ede nou vin yon tijan pi padonan nan fanmi nou, pi padonan youn anvè lòt, epi petèt pi padonan anvè tèt nou. Mwen priye pou nou kapab wè padon kòm yon fason ekstraòdinè ki fè pifò fanmi ki kontan yo sanble youn ak lòt.

NÒT

1. Leo Tolstoy, *Anna Karenina*, trans. Constance Garnett (2008), 2.
2. “Seigneur, j’ai tant reçu,” *Cantiques*, no. 139.
3. “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan,” *Liahona*, Nov. 2010, 129; italik ajoute.

ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A

“Lè n ap prepare chak leson, mande tèt nou kijan prensip la sanble ak yon eksperyans manm fanmi yo fè nan pwòp lavi pa yo” (*Anseye, Pa gen pi gwo apèl* [1999], 171). Panse pou envite manm fanmi yo pataje kèk eksperyans pozitif yo te fè oubyen yo te obsève nan zafè padon. Diskite sou eksperyans sa yo, pandan n ap mete aksan sou benediksyon ki gen nan padon. Pou fini, rann temwayaj nou sou enpòtans pou youn padone lòt.

JÈN YO

Lapriyè ak lapè

Pa Lauren W.

Yon apremidi m te nan yon diskisyon avèk manman m epi sa te fè m mal anpil. Konsa m te deside ke m ta dwe priye. Malgre ke m pa t sou sa ditou, epi m pa t anvi vin "espirityèl", m te konnen ke priye t ap ede m santi m pi byen epi mwens anvi fè diskisyon. Lè manman m te kite sal la, m te kòmanse priye. "Chè Papa m ki nan Syèl la, mwen vin devan w apremidi a paske . . ." Non. Mwen te louvri je m epi m te dekwaze bra m; sa pa t sonnen byen. M te eseye ankò. "Papa mwen ki nan Syèl la, m bezwen . . ." Sa te sonnen etranj. M te santi ke Satan t ap pouse m pou m pa t fè priyè m nan pou mande Papa m ki nan Syèl la èd.

Toudenkou m te santi m enspire pou m di mès! Konsa, m te fè sa, epi panse te kòmanse vini nan lespri mwen sou tout pil bagay m ta gen rezon pou remèsye Papa m ki nan Syèl la. Lè m te fin remèsye Li, mwen te pale sou pwoblèm mwen te genyen an.

Après m te santi yon bèl lapè andedan mwen, santi-man chalè espirityèl ke m konnen Papa nou ki nan Syèl la ak paran m yo renmen mwen epi m se yon pitit Bondye. Mwen te vin kapab mande manmanm m padon epi aksepte eskiz li.

TIMOUN YO

Padon pote kontantman

Prezidan Uchtdorf anseye ke nou ta dwe padone manm fanmi nou. Gade kijan chwa Joseph ak Ana yo afekte fanmi yo.

Joseph ak ti sè l la, Anna, ap jwe ansanm. Ana rape jwèt la nan men li. Kisa Joseph ta dwe fè?

Joseph fache kont Anna. Anna kriye. Manman Joseph fè l remontrans dèske li goumen ak sè l la. Joseph regrèt dèske l te fè yon move chwa.

Joseph padone Anna epi li jwenn yon lòt jwèt pou l jwe. Yo jwe ansanm ak kè kontan. Manman yo kontan dèske Joseph te janti anvè sè l la epi l te kenbe lapè nan fanmi an. Joseph santi l kontan paske l chwazi pou padone.

Nan apre, Joseph ak Anna dwe ede manman yo prepare dine. Joseph pa ede. Kisa Anna ta dwe fè?

Anna plenyen bay manman l. Anna plenyen dèske li oblije fè travay la poukont li. Lè y ap manje tout moun tris poutèt diskisyon an.

Anna padone Joseph epi li ede avèk dine a. Manman yo rekonesan pou èd Anna. Fanmi an kontan pou yo reyini ansanm nan dine a. Anna santi l byen dèske l te chwazi pou padone.

Nan ki fason chwa pa ou pou padone afekte bonè fanmi ou?



Lafwa, Fanmi, Sekou

Onore alyans nou yo

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou.

Vizit nan fwaye se yon ekspresyon ki fè konnen nou se bon disip ak yon fason nou onore alyans nou yo pandan youn ap sèvi ak fòtifye lòt. Yon alyans se yon pwomès sakre ki dirab ant Bondye ak pitit Li. Èldè Russell M. Nelson nan Kolèj Douz Apot yo di: “Lè nou reyalize ke nou se pitit alyans, nou konn kiyès nou ye ak sa Bondye ap tann nan men nou. Lwa Li ekri nan kè nou. Li se Bondye nou epi nou se pèp Li.”¹

Antanke enstriktris nan fwaye nou kapab fòtifye moun n ap vizite yo nan efò yo pou kenbe alyans sakre yo te fè yo. Si nou fè sa, n ap ede yo prepare pou benediksyon lavi etènèl yo. Èldè M. Russell Ballard nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Chak sè nan Legliz sa a ki fè alyans avèk Senyè a gen yon manda divin pou ede sove nanm, pou dirije fi yo nan mond lan, pou fòtifye fwaye Siyon yo, ak pou ede bati wayòm Bondye a.”²

Lè nou fè alyans sakre epi nou kenbe yo, nou vin tounen enstriman

nan men Bondye. N ap kapab byen ekspri kwayans nou epi nou chak ap kapab fòtifye youn lòt nan lafwa Papa nou ki nan Syèl la ak nan Jezikri.

Apati Ekriti yo

1 Nefi 14:14; Mozya 5:5–7; 18:8–13; Doktrin ak Alyans 42:78; 84:106

Apati Istwa Nou

Senyè a te revele Pwofèt Joseph Smith an 1833 ke tanp lan se “yon plas remèsiman pou tout sen yo. Se yon plas enstriktyon pou tout moun ki aple pou travay nan ministè a nan tout kalite apèl yo ak ofis yo; pou yo kapab pèfeksyone nan konpreyansyon ministè yo, nan teyori, nan prensip, ak nan doktrin, nan tout bagay ki gen rapò avèk wayòm Bondye a sou latè a” (D&A 97:13–14).

Nan kòmansman ane 1840 yo, sè Sosyete Sekou nan Novou ak Ilinwa yo te ede youn lòt prepare pou òdonans tanp yo. Nan òdonans pi gran Prètriz ke Sen Dènèy

Jou yo te resevwa nan tanp Novou a, “pouvwa Bondye [te] manifeste” (D&A 84:20). “Pandan ke Sen yo te kenbe alyans yo, pouvwa sa a te fòtifye yo epi soutni yo pandan tout epèv yo te travèse nan jou ak ane ki tap vini yo.”³

Nan Legliz la jodi a, fi ak gason ki fidèl nan tout mond lan ap sèvi nan tanp epi yo kontinye jwenn fòs nan benediksyon ke nou kapab resevwa sèlman atravè alyans tanp yo.

NÒT

1. Russell M. Nelson, “Covenants,” *Liahona*, Nov. 2011, 88.
2. M. Russell Ballard, “Women of Righteousness,” *Liahona*, Des. 2002, 39.
3. *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 133.

Kisa M Ka Fè?

1. Nan ki fason alyans mwen yo fòtifye m?
2. Nan ki fason m ede sè m ap vizite yo pou yo kenbe alyans yo?

Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.